**दिन–मंगलवार** **दिनांक–18.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री फसिल बीमा योजनाक आइ नओ वर्ष पूरा भऽ गेल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दू हजार सोलह मे ई योजना प्रारंभ कयने छलाह। एहि योजनाक उद्देश्य प्राकृतिक आपदा सभ सँ होमयवला फसिल हानि आ नोकसान सँ पीड़ित किसान सभ के वित्तीय सहायता प्रदान करब अछि। ई योजना नवीन कृषि तकनीक के अपनेबाक के बढ़ावा दैत किसान लोकनिक आय के स्थिर करबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निमाहलक अछि। केन्द्रीय मंत्रिमंडल उनहत्तरि हजार पाँच सय पन्द्रह करोड़ टाका सँ बेसी के कुल बजटक संग दू हजार पच्चीस–छब्बीस धरि प्रधानमंत्री फसिल बीमा योजना आ पुनर्गठित मौसम आधारित फसिल बीमा योजना के जारी रखबाक स्वीकृति देने छल।

---

राज्य सरकार एखन किछु दिनक लेल कुंभ यात्राक कार्यक्रम नहि बनेबाक अपील कयलक अछि। मुख्य सचिव अमृत लाल मीणा कहलनि जे एखन राज्यक सभ प्रमुख स्टेशन पर कुंभ जायवला यात्री सभक अत्यधिक भीड़क कारणे अफरा–तफरीक स्थिति बनि रहल अछि। ओ लोक सभ सँ भीड़ कम होयबाक बाद यात्राक कार्यक्रम बनेबाक अपील कयलनि। पुलिस महानिदेशक विनय कुमार रेलगाड़ी सभ मे बढैत भीड़ के देखैत विधि व्यवस्था बनाओल रखबा के लऽकऽ दिशा निर्देश जारी कयलनि अछि। एडीजी रेलवे के सभ स्टेशन पर भीड़ नियंत्रणक उपाय करब चौबीसो घंटा सीसीटीवी कैमरा चालू राखब आ जीआरपी थाना के चौकस रहबाक निर्देश देल गेल अछि। रेलगाड़ी सभक आगमन आ प्रस्थानक समय विशेष रूप सँ चौकसी बरतबाक लेल कहल गेल अछि।

---

रेलवे देशभरिक साठि रेलवे स्टेशन पर यात्री सभक सुविधाक लेल स्थायी होल्डिंग एरिया बनेबाक योजना बनौलक। एकर अंतर्गत रेलवे अत्याधुनिक प्रौद्योगिकी के उपयोग करैत विशेष अवसर पर भीड़ नियंत्रणक लेल काज कयल जा रहल अछि। सूत्रक अनुसार ई निर्णय पीक सीजनक दरमियान यात्री लोकनिक भारी भीड़ के सम्हारबाक लेल लेल गेल। एहि मध्य नव दिल्ली रेलवे स्टेशन पर अगिला एक सप्ताह धरि सांझ चारि बजे सँ राति एगारह बजे धरि प्लेटफॉर्म टिकटक बिक्री बंद कऽ देल गेल अछि। ई निर्णय प्लेटफॉर्म पर भीड़ नियंत्रण आ यात्री सभक सुगम आवागमन के सुनिश्चित करबाक लेल गेल। एम्हर, पटना जंक्शनक भिन्न–भिन्न प्लेटफॉर्म पर भीड़ प्रबंधनक लेल जवान सभक तैनाती कयल गेल अछि। स्टेशनक दुनू छोर महावीर मंदिर लऽग आ करबिगहिया दिस रेस्ट रूम बनाओल गेल अछि। रेलवे प्रयागराज सँ पवित्र संगम मे स्नान करयवला श्रद्धालु सभ के सकुशल वापसीक लेल प्रयागराजक विभिन्न स्टेशन सँ पैघ संख्या मे विशेष रेलगाड़ी सभ सेहो संचालित कऽ रहल अछि।

———————————————————————

महाकुंभ मेला मे प्रयागराज स्टेशन पर भीड़ के ध्यान मे रखैत रेल प्रशासन भागलपुर आनंद विहार विक्रमशिला एक्सप्रेसक परिचालन आइ आ काल्हि रद्द कऽ देलक अछि। रेलवे के दिस सँ प्रभावित यात्री सभक लेल वैकल्पिक व्यवस्था कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन प्रगति यात्राक क्रम मे आइ कैमूर जिला मे लगभग तीन पैंतालीस करोड़ सँ बेसी टाकाक लागतिवला विभिन्न विकास परियोजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। श्री कुमार मोहनिया प्रखंडक भरखर, उग्रवाद प्रभावित प्रखंड अधौरा आ चैनपुरक दौरा कयलनि। ओ चैनपुर मे कोहरा डैम पर विकास काजक निरीक्षण कयलनि।

———————————————————————

प्रदेशभरि मे कड़गर सुरक्षाक मध्य बिहार बोर्डक वार्षिक मैट्रिक परीक्षा आयोजित कयल जा रहल अछि। परीक्षाक दोसर दिन दुनू पालीक परीक्षा शांतिपूर्वक संपन्न भऽ गेल। एहि मध्य, हमर अररिया संवाददाता जनौलनि जे फारबिसगंजक भगवती देवी गोयल प्लस टू बालिका उच्च विद्यालय आ महिला कॉलेज मे परीक्षाक दरमियान प्रश्न पत्रक फोटो लेबाक आरोप मे पांच

वीडियोग्राफर कैं गिरफ्तार कऽ लेल गेल। एम्हर, गोपालगंजक मीरगंज मे एक केंद्र पर कदाचार करैत पकड़ गेल छओ छात्र कैं निष्कासित कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

प्रदेशक अधिकतर भागक तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस के वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान सहरसाक अगवानपुर राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल। एतऽ के न्यूनतम तापमान नओ दशमलव एक डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि होयत।

———————————————————————

भारतीय कृषि अनुसंधान परिषदक पटना स्थित पूर्वी अनुसंधान परिसर–आईसीएआर आरसीईआर एहि वर्ष अपन स्थापनाक पच्चीस वर्ष पूरा करऽ जा रहल अछि। एहि अवसर पर संस्थान परिसर मे एक्कैस सँ बाईस फरवरी धरि तीन दिवसीय रजत जयंती समारोहक आयोजन कयल जायत। संस्थानक निदेशक डॉक्टर अनूप दास जनौलनि जे बिहार सहित सात राज्यक एक हजार छओ सय सँ बेसी किसान आओर अनुसंधान कार्य सँ जुड़ल दू सय पचास बेसी सँ वैज्ञानिक एहि मे भाग लेताह।

———————————————————————

राज्यपाल सह कुलाधिपति आरिफ मोहम्मद खां काल्हि मधेपुरा बीएन मंडल विश्वविद्यालयक छठम दीक्षांत समारोह के सम्बोधित करताह।

———————————————————————

समाप्त